

Pou Piblikasyon Imedya: 20/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SOULVE ENTÈDIKSYON SOU TRAKTÈ SEMI-REMÒK AK BIS
YO KI TE RETE AN VIGÈ SOU TOUT OTOWOUT ETA YO EFEKTIF 6 ZÈ PM
DIMANCH**

***Tanperati Glasyal ak Briz Van yo Pral Kreye Kondisyon Ekstèn ki Potansyèlman
Danjere yo pou Eta New York***

***Yo Egzòte Chofè yo Pou Yo Pa Ale sou Wout yo pandan Tanperati Ki Ap
Degringole yo Ap Lakòz Konjelasyon Rapid***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke li te souleve entèdiksyon sou traktè semi-remòk ak bis yo ki aktyèlman an plas pou yo pa te pase sou otowout eta yo efektif Dimanch a 6 zè p.m. Entèdiksyon an te rantre an vigè kòmanse apati 3:00 zè p.m. nan Samdi pandan ke tanpèt nèj Harper a te afekte vwayaj nan tout Eta a nèt. Pandan ke lè frèt yo ap rive, sa ki ap lakòz tanperati yo bese pi ba pase zewo degre yo, Gouvènè a ap kontinye egzòte chofè yo pou yo pa ale sou wout yo pandan ke menas konjelasyon rapid yo ap vin deplizanpli danjere.

“Mwen remèsye fanm ak gason sa yo ki te travay pandan wikenn lan pou yo netwaye nèj ak debri sou wout yo, kondisyon yo te amelyore ase pou m souleve entèdiksyon vwayaj ki te rete an vigè sou traktè semi-remòk ak bis yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Kondisyon yo rete difisil pou kondi nan plizyè kote toupatou atravè eta a, epi mwen ap ankouraje Nouyòkè yo pou yo evite vwayaje san bezwen jiska nouvel òd paske se pa yon sitiyasyon pou nou pran an jwèt.”

Otorite Thruway yo (Thruway Authority) ankouraje otomobilis yo telechaje aplikasyon mobil li an, ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa imèl TRANSalert yo sou kijan dènye kondisyon sou Thruway a yo ye lè yo swiv lyen sa a: <https://protect2.fireeye.com/url?k=fd447d9e-a1607cd7-fd4684ab-0cc47aa8d394-8a02c20ea77abc08&u=http://www.thruway.ny.gob/tas/index/shtml>.

Pandan ensidan majè yo, Otorite yo ap difize enfòmasyon sou Radyo Konsèy pou Otowout yo (Highway Advisory Radio, HAR) epi aktive Pano Mesaj Varyab yo (Variable Message Signs, VMS) pou alète otomobilis yo. Otomobilis yo ka tcheke 511NY tou lè yo rele 511 oswa ale sou <https://protect2.fireeye.com/url?k=71548dfc-2d708cb5-715674c9-0cc47aa8d394-80bc8feae0e6d964&u=http://www.511ny.org/> avan yo vwayaje. Sèvis gratis sa pèmèt itilizatè yo tcheke kondisyon wout yo ak enfòmasyon sou transpò. Itilizatè mobil yo ka telechaje dènye aplikasyon mobil 511NY la gratis sou iTunes oswa Google Play. Kounye a aplikasyon an ofri yon mòd Drive (Kondwi), ki bay avètisman

moun ka tande sou yon wout yo chwazi pandan itilizatè a ap kondwi, pou avèti yo sou ensidan ak konstriksyon. Itilizatè yo ka fikse yon destinasyon anvan yo kòmanse kondwi epi resevwa enfòmasyon pou jiska twa wout.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)